



CCPS

Collier County
Public Schools

Nutrition Services

LIBERASYON NOUVÈL – “SÈVIS NITRISYON BAY DÈNYE REAKTYALIZASYON”

Kòm lekòl CCPS yo prepare pou ouvri pòt yo pou ane eskolè 2020-2021 an, Depatman Sèvis Nitrisyon ta renmen pataje kèk nan dènye enfòmasyon li yo.

Yo pral sèvi dejene gratis pou tout elèv ki anwole. Yo pral chaje adilt \$1.50 pou dejene. Rechèch montre sa, e adolesan dakò, ke elèv ki manje dejene rete pi atantif, aprann pi byen e genyen mwens pwoblèm sou konpòtman yo.

Yo pa pral chanje pri pou manje midi: elèv Lekòl Elemantè ap kontinye peye \$2.00, elèv Lekòl Segondè ap peye \$2.25 e adilt ap peye \$3.00. Elèv fanmi ki kalifye pou resevwa manje gratis oswa nan pri redui pa pral peye pou yo manje. Meni yo ap swiv gid USDA sou nouvo Lwa ki pèmèt Timoun Manje Bon Jan Manje e pou yo pa Rete Grangou. Meni manje midi a ofri chwa sou bagay sa yo: pen sèk, grenn antye, yon varyete fwi e legim, e lèt ki pa genyen anpil grès oswa ki pa genyen grès ditou.

Yo ap voye enfòmasyon sou aplikasyon yo nan tout kay avèk yon lèt pou paran oswa responsab. Pou aplike pou manje gratis oswa pri redui, fanmi an kapab konplete aplikasyon ki prive e ki sekirize a an liy nan www.myschoolapps.com oswa www.collierschools.com/nutrition. Paran kapab espere pou yo apwouve aplikasyon an byen vit lè yo soumèt yo an liy ki diferan avèk lè yo voye li an papye. Si ou pa kapab konplete yon aplikasyon an liy, kontakte Depatman Sèvis Nitrisyon pou mande asistans pou ou kapab konplete aplikasyon an an liy oswa pou ou mande yon aplikasyon an papye. Yon fwa aplikasyon an konplete, nou mande pou ou retounen nan biwo Sèvis Nitrisyon Distri a . Ou kapab jwenn enfòmasyon oswa asistans pou aplikasyon alimantè nan (239)377-0297 oswa pa kouryèl nan NutritionServices@collierschools.com.

Paran kapab vizite tou www.myschoolbucks.com e pou aranje yon kont alimantè pre peye an liy. Anplisdesa, paran pral kapab verifye balans yo ak acha yo nan kafeteya, resevwa alèt lè balans yo ba e etabli yon plan peman otomatik

Lekòl Piblik Collier County POU LIBERASYON IMEDIAT

Lekòl Piblik Collier County yo, Depatman Sèvis Nitrisyon an te anonse yon chajman nan règleman li sou jan li sèvi elèv manje dapre Pwogram Dejene pou Lekòl Nasyonal pou ane eskolè 2020 - 2021 an. Tout elèv nan chak lekòl pral manje dejene gratis.

Pou plis enfòmasyon, tanpri kontakte: CCPS, Depatman Sèvis Nitrisyon Atansyon: *Elizabeth Alfaro, Direktris, Depatman Sèvis Nitrisyon, 5775 Osceola Trail, Naples, Florida 34109. Nimewo telefòn 239-377-0280.*

Dapre lwa dwa sivil Federal e Depatman Agrikilti Dèzetazini (USDA) regilasyon e règleman, USDA, Ajan li, biwo li, e anplwaye li, e enstitisyon ki patisipe ladan li oswa ki administre pwogram USDA entèdi pou diskrimine kont ras, koulè, orijin nasyonal, sèks, andikap, laj, oswa reprezay oswa revanj pou aktivite dwa sivil oparavan nan nenpòt aktivite pwogram ki kondui oswa fonde pa USDA.

Moun ki genyen andikap ki egzije mwayen altènatif kominikasyon pa egzanp Bray, gwo ekriti, odyotep, Langaj Siy Ameriken, elatriye, dwe kontakte Ajans lan (Eta oswa lokal) kote pou yo aplike pou benefis. Moun ki soud, tandè di, oswa andikap nan diskou kapab kontakte USDA atravè Sèvis Relè Federal nan (800)877-8339. Anplisdesa, enfòmasyon sou pwogram nan kapab disponib nan langaj ki pa Anglè.

Pou pote yon plent sou diskriminasyon kont pwogram nan, konplete Fòm pou Pote Plent sou Diskriminasyon kont Pwogram USDA a, ou kapab jwenn fòm (AD-3027) la an liy nan :http://www.ascr.usda.gov/complaint_filing_cust.html, e nan nenpòt biwo USDA, oswa ekri yon lèt epi adrese li ak USDA e mete nan lèt la tout enfòmasyon yo egzije nan fòm nan. Pou egzije yon kopi nan fòm plent la, sone (866)632-9992. Soumèt fòm pou pote plent nou yo oswa lèt yo bay USDA apati:

pa lapòs: Depatman Agrikilti Dèzetazini
Biwo Asistan Sekretè pou Dwa Sivil 1400
Independence Avenue, SW
Washington, D.C. 20250-9410

faks: (202) 690-7442; oswa
kouryèl: pwogram.intake@usda.gov.

Enstitisyon sa a ofri opòtinite egal pou tout moun.

Lekòl Piblik Collier County (CCPS)

Anonse règleman li pou Manje Gratis oswa Pri Redui pou elèv sou pwovizyon

PWOGRAM DEJENE E MANJE MIDI NAN LEKÒL NASYONAL

Nenpòt moun ki enterese kapab revize yon kopi nan règleman an kote li kapab kontakte
Sèvis Nitrisyon, 5775 Osceola Trail, Naples, FL nan 239-377-0280

Yo pral itilize kritè sou konbyen moun ki nan fanmi an e revni pou detèmine kalifikasyon. Yon aplikasyon pa kapab apwouve amwenske li genyen enfòmasyon sou kalifikasyon. Yon fwa yo apwouve li, elèv la pral kapab manje pou tout ane a. Ou pa bezwen avize sou òganizasyon chajman nan revni oswa konbyen moun ki nan fanmi an.

Yo pral voye enfòmasyon ki nan aplikasyon an nan tout kay avèk yon lèt pou paran oswa responsab. Pou aplike pou Manje Gratis oswa pou Manje ak Pri Redui, fanmi dwe konplete aplikasyon an an liy nan www.myschoolapps.com oswa www.collierschools.com/nutrition. Aplikasyon an pape disponib tou nan biwo Sèvis Nitrisyon Distri a si ou deside mande li, e ou ta dwe pote li nan biwo a apre ou fin konplete li. E yo pral itilize enfòmasyon ou mete nan aplikasyon an kòm rezon pou detèmine kalifikasyon an e li kapab verifye nan nenpòt lè pou ane eskolè a. Yo kapab soumèt aplikasyon yo nan nenpòt lè pandan ane a.

Yo egziye fanmi ki resevwa SNAP (Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman) oswa TANF (Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Bezwen) pou mete sèlman siyati timoun nan, nimewo ka SNAP/TANF la, e pou manb fanmi adilt la siyen.

SIKONSTANS ESPESYAL: Si ou genyen timoun ki anwole nan pwogram **HeadStart la**, oswa timoun ki konsidere kòm **Migran** (Travayè Agrikòl Sezonyè), Sanzabri, Timoun ki Kouri Kite Kay oswa Timoun nan Fanmi Dakèy, yo kalifye pou manje gratis. Si ou pa resevwa notifikasyon sou kalifikasyon, tanpri sone lekòl elèv la oswa depatman espesifik: pou **Biwo Migran** sone **239-377-0560**; pou **Sanzabri/Kouri Kite Kay/Lyezon Fanmi Dakèy** sone **239-377-0544**. Pou Timoun ki Nan Fanmi Dakèy, ou kapab voye yon faks ki genyen dokiman pwoteksyon yo dirèkteman nan (239) 377-0281 pou resevwa benefis manje gratis. **Timoun ki nan Fanmi Dakèy** pral resevwa benefis gratis kèlkeswa revni pèsonèl li oswa revni fanmi an. Pou **Biwo HeadStart** sone **239-377-0123**.

Pou rezon sou detèmine konbyen moun ki nan fanmi an, manb fanmi an ki deplwaye nan lame konsidere kòm manb fanmi sa a. Fanmi ta dwe enkli non moun ki deplwaye pou sèvi nan lame yo nan aplikasyon yo. Rapòte sèlman revni manb sèvis ki te deplwaye a te resevwa oswa li te resevwa nan non fanmi an. Anplisdesa, yon alokasyon nan kay la ki fè pati Inisyativ Privatizasyon Mezon Militè pa limite pou enkli kòm revni.

Tout lòt fanmi dwe bay enfòmasyon ki nan aplikasyon an:

- Total revni fanmi ki reprezante revni bri ke yo resevwa, tip revni (pa egzanp, revni, sipò pou timoun, elatriye) e chak lè chak manb fanmi yo resevwa revni;
- Non manb fanmi yo – verifye bwat ki di “no revni” an si sa aplikab; si manb fanmi an se yon timoun, mete non lekòl pou chak timoun;
- Siyati yon manb fanmi ki se yon adilt pou sètifye enfòmasyon yo bay yo kòrèk, e
- Nimewo sekirite sosyal adilt ki siyen aplikasyon an oswa yon “OKENN” pou manb fanmi an si li pa genyen yon nimewo sekirite sosyal.

Si yon manb fanmi vin pèdi travay li oswa nonb moun ki te lakay la chanje, yo dwe kontakte lekòl la. Pitit paran oswa responsab ki pèdi travay li a ta dwe kontakte lekòl la tou.

Daprè pwovizyon Règleman sou manje Gratis oswa Pri Redui, **Lucy Aponte** pral revize aplikasyon an e detèmine kalifikasyon an. Si yon paran oswa responsab pa satisfè avèk desizyon ofisyèl la, li kapab decide pou diskite desizyon an sou detèminasyon ofisyèl la sou yon baz enfòmèl. Si yon paran decide pou fè yon kontestasyon fòmèl, li kapab fè yon demand an oral oswa an ekri bay **Elizabeth Alfaro, Direktris Sèvis Nitrisyon, 5775 Osceola Trail, Naples, FL 34109** oswa kote yo kapab rele **239-377-0280**.

Amwenske yo endike sa yon lòt fason nan aplikasyon an, enfòmasyon ki nan aplikasyon pou Manje Gratis oswa nan Pri Redui kapab itilize pa sistèm sosyal la pou detèmine kalifikasyon pou lòt pwogram edikatif.

GID SOU KALIFIKASYON REVNI FLORID LA POU MANJE GRATIS OSWA PRI REDUI

Apati premye jiyè 2020, jiska 30 jen 2021

BARÈM POU MANJE GRATIS					
Moun ki nan Fanmi	Anyèl	Mansyèl	De Fwa Pa Mwa	Chak De Semenn	Pa Semenn
1	16,588	1,383	692	638	319
2	22,412	1,868	934	862	431
3	28,236	2,353	1,177	1,086	543
4	34,060	2,839	1,420	1,310	655
5	39,884	3,324	1,662	1,534	767
6	45,708	3,809	1,905	1,758	879
7	51,532	4,295	2,148	1,982	991
8	57,356	4,780	2,390	2,206	1,103
Pou chak manb fanmi anplis, ajoute	+ 5,824	+ 486	+ 243	+ 224	+ 112

BARÈM POU MANJE PRI REDUI					
Moun ki nan Fanmi an	Anyèl	Mansyèl	De Fwa Pa Mwa	Chak De Semenn	Chak Semenn
1	23,606	1,968	984	908	454
2	31,894	2,658	1,329	1,227	614
3	40,182	3,349	1,675	1,546	773
4	48,470	4,040	2,020	1,865	933
5	56,758	4,730	2,365	2,183	1,092
6	65,046	5,421	2,711	2,502	1,251
7	73,334	6,112	3,056	2,821	1,411
8	81,622	6,802	3,401	3,140	1,570
Pou chak manb fanmi anplis, ajoute	+ 8,288	+ 691	+ 346	+ 319	+ 160

Pou detèmine revni anyèl:

- Si ou resevwa revni ou chak semenn, multipliyè total revni an bri a pa 52.
- Si ou resevwa revni ou chak de semenn, multipliyè total revni an bri a pa 26.
- Si ou revevwa revni ou de fwa pa mwa, multipliyè total revni an bri a pa 24.
- Si ou resevwa revni ou chak mwa, multipliyè total revni an bri a pa 12.

Sonje: Total revni anvan taks, sekirite sosyal, benefis sante, frè inyon, oswa yo dwe rapòte lòt dediksyon.

Daprè lwa sou dwa sivil Federal e Depatman Agrikilti nan Zetazini (USDA), regilasyon dwa sivil e règleman, USDA a, Ajans li, e anplwaye li, e enstitisyon ki patisipe nan yo oswa ki administre pwogram USDA entèdi diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, sèks, andikap, laj, oswa reprezay oswa revanj pou aktivite sivil ki te fèt oparavan nan nenpòt pwogram oswa aktivite ki kondui oswa fonde pa USDA.

Moun ki genyen andikap ki egzije mwayen altènatif kominikasyon pa egzanp Bray, gwo ekriti, odyotep, Langaj Siy Ameriken, elatriye, dwe kontakte Ajans lan (Eta oswa lokal) kote yo aplike pou benefis. Moun ki soud, tande di, oswa andikap nan diskou kapab kontakte USDA atravè Sèvis Relè Federal nan (800)877-8339. Anplisdesa, enfòmasyon sou pwogram nan kapab disponib nan langaj ki pa Anglè.

Pou pote yon plent sou diskriminasyon kont pwogram nan, konplete Fòm pou Pote Plent sou Diskriminasyon kont Pwogram USDA a, ou kapab jwenn fòm (AD-3027) la an liy nan :http://www.ascr.usda.gov/complaint_filing_cust.html, e nan nenpòt biwo USDA, oswa ekri yon lèt epi adrese li ak USDA e mete nan lèt la tout enfòmasyon yo egzije nan fòm nan. Pou egzije yon kopi nan fòm plent la, sone (866)632-9992. Soumèt fòm pou pote plent nou yo oswa lèt yo bay USDA apati:

pa lapòs: Depatman Agrikilti Dèzetazini
Biwo Asistan Sekretè pou Dwa Sivil 1400
Independence Avenue, SW
Washington, D.C. 20250-9410

faks: (202) 690-7442; oswa
kouryèl: pwogram.intake@usda.gov.

Enstitisyon sa a ofri opòtinite egal pou tout moun.